



# Kesyon popilè (FAQ)

## Pwogram PCA MassHealth - Lè Siplemanntè

---

### Règ sou è siplemanntè

- **Kisa ki konsidere kòm è siplemanntè?**

Tout è ki travay anplis pase 50 è pa semèn se è siplemanntè.

PCA sèlman gendwa travay plis pase 50 è nan yon semèn si li gen yon otorizasyon pou è siplemanntè ki apwouve. PCA yo pa gen dwa janm travay plis pase 66 è pa semèn.

- **Kòman otorizasyon è siplemanntè a fonksyone?**

Kliyan yo gen pou yo mande pou otorizasyon nan men PCM pa yo a.

Gen de diferan kalite otorizasyon pou è siplemanntè:

- Otorizasyon tanporè (1 - 12 semèn, pou jouk 66 è pa semèn)
- Otorizasyon pou swen kontinye (dire tan PA a pou sèvis PCA yo, pou jouk 66 è pa semèn)

- **Kisa ki konte nan è siplemanntè yo?**

È travay òdinè, è siplemanntè, è jou ferye, e è pou sèvis jury duty konte nan è siplemanntè.

- **Kisa ki pa konte nan è siplemanntè yo?**

È depasman, PTO, fòmasyon EVV, NHO, e lòt è fòmasyon pa konte nan è siplemanntè yo .

- **Kisa k ap rive si yon PCA travay pou plis pase 50 è san l pa gen otorizasyon?**

Sa se yon vyolasyon. Lèt avètisman ap voye bay PCA a e kliyan an nan lapòs e nan Everbridge apre chak vyolasyon. Apre twazyèm vyolasyon an, l ap refere bay MassHealth pou posiblite yon revokasyon nan pwogram lan.

1. Premye vyolasyon ▶ yon premye avètisman emèt
2. Dezyèm vyolasyon ▶ yon dezyèm avètisman emèt
3. Twazyèm vyolasyon ▶ refere bay MassHealth pou petèt yon revokasyon

- **Èske vyolasyon è pa semèn lan ka efase nan dosye anplwa yon PCA?**

Wi. MassHealth gendwa efase vyolasyon poutèt ijans oubyen sitiyan ki pa t prevwa. Y ap efase tou apre konfòmite pandan senk peryòd peman konsekitif (10 semèn).

---

### Reyadmisyon nan pwogram lan

- **PCA** yo gendwa retounen apre 9 mwa. Si yo fè vyolasyon limit è pa semèn lan oubyen règ è siplemanntè a twa fwa anplis apre yo anboche kòm PCA ankò, y ap revoke yon dezyèm fwa e y ap entèdi an pèmanans pou travay kòm PCA nan pwogram PCA a.
- **Kliyan** yo gendwa retounen selon diskresyon MassHealth.

---

### Resous siplemanntè

- Règlemantasyon pwogram PCA a: [130 CMR 422.000](#)
  - Apèsi sou politik è siplemanntè: [Mass.gov règ sou è siplemanntè yon PCA](#)
-

## Tablo pou referans rapid: Règ sou limit è PCA pa semèn parapò ak è siplemantè

Kategori	Limit è pa semèn	Règ sou è siplemantè
È maksimòm ki pèmèt	Pa plis pase 66 è pa semèn (pou tout kliyan ototal)	Ant 40 e 50 è pa semèn san otorizasyon
Avèk otorizasyon	Pa gen otorizasyon ki pèmèt pou plis pase 66 è	Jouk 66 è pa semèn avèk otorizasyon
Kisa ki konte nan limit sa yo	È òdinè, siplemantè, jou ferye, e pou sèvis jury duty	È òdinè, siplemantè, jou ferye, e pou sèvis jury duty
È ki pa nan limit sa yo	Deplasman, PTO, fòmasyon EVV, NHO, e lòt è fòmasyon	Deplasman, PTO, fòmasyon EVV, NHO, e lòt è fòmasyon
Deklanchè vyolasyon	Travay plis pase 66 è nan yon sèl semèn	Travay plis pase 50 è san otorizasyon pou è siplemantè
Avi sou konfòmite	3 avi ► revokasyon apre 3 <sup>zyèm</sup> vyolasyon	3 avi ► revokasyon apre 3 <sup>zyèm</sup> vyolasyon
Konsekans nan revokasyon yon PCA	PCA entèdi pandan 9 mwa; revokasyon pèmanan apre 3 <sup>vèm</sup> vyolasyon pos-reyadmisyon	PCA entèdi pandan 9 mwa; revokasyon pèmanan apre 3 <sup>vèm</sup> vyolasyon pos-reyadmisyon
Konsekans nan revokasyon yon kliyan	Kliyan an gendwa pa readmèt nan pwogram PCA a	Kliyan an gendwa pa readmèt nan pwogram PCA a
Efasman	Vyolasyon yo reinisyalize apre konfòmite pandan 10 semèn	Vyolasyon yo reinisyalize apre konfòmite pandan 10 semèn
Admèt ankò	PCA gendwa retounen apre 9 mwa; entèdiksyon pèmanan apre 3 <sup>vèm</sup> vyolasyon	PCA gendwa retounen apre 9 mwa; entèdiksyon pèmanan apre 3 <sup>vèm</sup> vyolasyon